

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PROFESYONÈL
KOMISYON MILTISEKTORYÈL NASYONAL ENPLANTASYON NOUVO SEGONDÈ

1-KREYÒL

2007-2008

SA KI NAN PROGRAM NAN

DOUVAN PAWOL.....	4
I.FINALITE EDIKASYON AYISYEN AN.....	5

II. OBJEKTIF JENERAL EDIKASYON AN AYITI.....	6
III. MISYON ANSÈYMAN SEGONDÈ AN AYITI.....	6
IV. OBJEKTIF JENERAL EDIKASYON AN AYITI.....	7
V. FINALITE ANSÈYMAN KREYÒL.....	8
VI.OBJEKTIF JENERAL ANSÈYMAN LANG KREYÒL.....	9
VII. PROGRAM KAD	14
VIII. PROGRAM DETAYE (DEZYÈM ANE).....	23

SA KI NAN PROGRAM NAN

DOKIMAN-PROGRAM **segondè a** revize sou responsablite Direksyon Ansèyman Segondè (DES) ak Komisyon Miltisektoryèl Enplantasyon Nouvo Segondè ; e se yon Komisyon espesyal ki òganize an SOU-KOMISYON plizyè disiplin ak espesyalite ki nan tout sektè nan edikasyon an, prive tankou piblik, ki ekri li. Men enstitisyon ak asosyasyon ki patisipe :

*Komisyon Miltisektoryèl Enplantasyon Nouvo Segondè *Enstiti Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl *Èd ak Aksyon, Ayiti
*Kolèj Jilmis Jozèf *Kolèj LEO DEFAY * Inivèsite VALPAREZO *Asosyasyon Ayisyen Pwofesè Franse *Ministè Lajenès
Espò ak Aksyon Sivik *Lekòl Nasyonal Dèza * Sant d Etid Segondè *Kolèj Kats Preswa * Kolèj Blèz Paskal *Nouvo Kolèj
Bèd *Enstiti Sent Woz de Lima * Sant d Etid Ketnèl Vènè * Kolèj Wakim Etyèn *Inivèsite Kiskeya.

Enstiti Ayisyen Fòmasyon nan Syans Edikasyon (IHFOSED) asire ankadreman teknik ak metodolojik Sou-Komisyon elaborasyon an. Enstiti a bay apui lojistik li tou nan pwodiksyon dokiman sa a.

Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) remèsye ak anpil senserite tout moun ki patisipe dirèkteman ou endirèkteman nan aboutisman gwo travay sa a.

Douvan pawòl

Suivan prensip nouvèl Politik edikatif nasyonal la, PWOGRAM PEDAGOJIK OPERASYONÈL sa a vize konsolide baz filozofik, sosyolojik, pedagojik ak sikolojik Edikasyon elèv yo pandan etid yo nan lekòl segondè, dapre karakteristik sa yo :

- I. RANFÒSE sa elèv yo te aprann nan 3èm Sik Fondamantal la ;
- II. NOUVO PWOFIL ELÈV la nan finisman etid li, prezante sou fòm finalite, bi ak objektif jeneral Edikasyon an ;
- III. ESTRIKTI Lekòl Segondè ayisyen an ;
- IV. PWOGRAM KAD DETAYE pou tout sik segondè a, pou chak ane ansèyman ak pou chak disiplin;
- V. NOUVO ESTRATEJI ansèyman ak aprantisaj, pou travay elèv yo ak anseyan yo kapab pi bon ;
- VI. PREPARASYON AK OUVÈTI sou nivo ki pi wo nan Lekòl Ayisyen an (Ansèyman siperyè ak inivèsitè).

Pwogram lekòl segondè a kòmanse yon nouvo etap nan evolisyon renovasyon sistèm edikatif ayisyen an. Nan fason li oryante, nan sa li gen ladan l' ak nouvo wòl li jwe nan pratik lekòl la, pwogram sa a se yon enstriman efikas pou promosyon demokrasi, aksyon sivik ak inite nasyonal la ; li fèt pou TOUT pitit peyi a.

I. Finalite Edikasyon Ayisyen an

Selon pwojè lwa Oryantasyon Edikasyon an ki fèt nan lane 1998 e ki depoze devan Palman an pou ratifikasyon :

- ❖ Edikasyon ayisyen an, ki baze tèt li sou yon filozofi ki kwè nan moun ak nan sa ki itil, se yon edikasyon nasyonal ki prezante idantite lòm ayisyen an. Li pèmèt moun yo vin moun toutbon nan dimansyon fizik, espòtif, afektif, entèlektyèl, atistik ak moral. Li fòme sitwayen responsab, ajan devlopman politik, ekonomik, sosyal ak kiltirèl pou peyi a. Li dwe fè pwomosyon idantite ak kilti nasyonal la. Li dwe tou ouvri tèt li sou valè inivèsèl, rejyonal oubyen karayibeyen, ak sou lòt kilti san li pa fè valè kiltirèl peyi a ditò.
- ❖ Edikasyon Ayisyen an gen pou misyon devlope konsyans nasyonal, sans responsablite ak espri kominotè lè li entegre nan kontni yo sa nou jwenn nan reyalite ayisyen an. Li se yon enstriman devlopman nasyonal nan kontribisyon li bay pou amelyorasyon anviwonman fizik ak sosyal ak pou pwogrè nan lavi sosyal ak ekonomik peyi a.
- ❖ Lekòl Ayisyen vize anvan tout bagay fè fòmasyon yon moun ki alafwa se yon sitwayen, yon pwodiktè ki kapab amelyore toutan kondisyon fizik natirèl yo, ki kapab kreye richès natirèl, epi kontribye nan fè pwomosyon valè kiltirèl, moral ak esprityèl. Lekòl Ayisyen an dwe anseye gwo valè nou jwenn nan tan modèn nan tankou respè dwa moun. Gras a nouvel fonksyon sa yo, Edikasyon Ayisyen an dwe bay tout timoun nan peyi a san distenksyon yon fòmasyon debaz solid, opòtinite fòmasyon espesyalize nan diferan nivo, epi bonjan posiblite pou yo reyisi nan devlope don yo genyen.

II. OBJEKTIF JENERAL EDIKASYON AN AYITI

Lekòl Ayisyen bay tèt li misyon pou li fè pwomosyon pou edikasyon tout pitit peyi a. Pou rezon sa a li gen objektif ki anba yo :

- 1. Entegre lekòl ayisyen an nan tout nivo aktivite sosyo ekonomik nan peyi a ;**
2. Amelyore de fason kalitatif ansèyman ak renovasyon kontni yo ;
3. Fè pwomosyon idantite nasyonal ak valè kiltirèl.

III. MISYON ANSÈYMAN SEGONDÈ AN AYITI

Lè nou konsidere finalite ak objektif general ki sot dekri nan paragraf anvan yo, ansèyman segondè ayisyen an bay tèt li twa misyon : yon misyon enstriksyon, yon misyon fòmasyon sou lavi sosyal ak yon misyon kalifikasyon.

3.1 Misyon enstriksyon

Misyon sa a vize transmèt konesans kiltirèl oubyen savwa ki pèmèt sitwayen yo konnen anviwonman nasyonal ak entènasyonal la menm jan. Li kontribye tou pou li elaji ak konplete konesans ki te transmèt nan sik fondamental la nan domèn istorik, jewografik, literè ak syantifik. Nouvo Segondè a ap kontribye fè elèv yo jwenn enstriman, konsèp ak metòd referans ki soti nan avanse lasyans epòk nou an.

Misyon enstriksyon sa a ap kontribye nan pwodui gason ak fi ki kapab sitiye tèt yo nan mond kontanporen an, ki gen detèminasyon e ki kapab evolye suivan mwayen ak sikonstans yo. Li ap devlope lakay yo lespri kritik kont tout fòm manipilasyon. Nan mond jodiya yon lespri fòme bezwen yon kilti jeneral solid ak posiblite pou ale lwen nan kèk matyè. Se pou pwogram yo favorize an menm tan de tandans sa yo lakay elèv yo.

3.2 Misyon fòmasyon a lavi sosyal

Misyon fòmasyon a lavi sosyal la entegre de dimansyon ki makònen youn ak lòt :

- Yon dimansyon fòmasyon sou lavi sivik nou kapab rele, pa rapò ak etap aktyèl evolisyon sosyete a : **konstriksyon demokrasi ak Eta de dwa an Ayiti** ; paske li vize fòmasyon gason ak fi ki kapab fonksyone tankou sitwayen ki sansib pou dwa yo ak devwa yo e ki kapab aplike règ jwèt demokratik la ;
- Yon dimansyon fòmasyon a laksyon famiyal k'ap prepare elèv yo pou yo viv an koup e pou yo pran responsablite paran yo.

3.3 Misyon kalifikasyon

Ansèyman segondè a okipe yon plas enpòtan nan sistèm eskolè a. Li chita ant ansèyman fondamantal (1^e ak 2^{èm} sik) ak ansèyman siperyè. Premye a obeye yon lojik inifikasyon; dezyèm nan, yon lojik espesyalizasyon. Ansèyman segondè a patisipe nan fòmasyon elèv yo yon manyè pou yo ka jwenn tipa tipa yon edikasyon divèsifye. Pou sa, ansèyman segondè a marye de eleman konstititif : **yon kote,**

yon kilti komen ke tout elèv ki ap prepare yon bakaloreya dwe genyen, yon lòt kote, plizyè kisis fòmasyon ki an relasyon ak gwo fanmi metye yo oubyen sektè aktivite.

IV. OBJEKTIF AK PRENSIP JENERAL ANSÈYMAN SEGONDÈ AN AYITI

4.1 Objektif

Lè nou konsidere twa misyon ki te dekri anwo nan dokiman sa a, ansèyman segondè a dwe genyen objektif jeneral sa yo :

- Bay elèv yo yon bonjan fòmasyon jeneral, syantifik, teknik ak pwofesyonèl pandan n'ap transmèt yo savwa ki pèmèt yo konprann mond kontenporen an ;
- Devlope kay elèv yo atitid, aptitid ak konpòtman ki pèmèt yo vin tounen ajan chanjman, ajan devlopman ekonomik, sosyal ak kiltirèl pou peyi a, pwomotè demokrasi ak dwa moun ;
- Reyalize oryantasyon elèv yo ki dwe débouché nan finisman dezyèm ane segondè a sou plizyè filyè. Oryantasyon sa yo ap chita sou sa elèv yo ak paran yo swete ak sou kapasite elèv yo. Estrateji sa a vize diminye kantite elèv ki konn double klas, ak ogmante kantite elèv ki abitye reyisi. Rezilta egzamen ofisyèl yo pèmèt moun ki anndan sistèm nan evalye efikasite sistèm nan
- Prepare elèv yo, lè yo fini klas segondè yo, pou yo antre san pwoblèm sou mache travay la e pou yo antre nan ansèyman siperyè ak inivèsitè.

4.2 Prensip

Elaborasyon program segondè a bati selon prensip ki pral suiv yo, pou li ka reponn san mank ak objektif epi prensip ki te defini yo :

- a) Pwomosyon disiplin eskolè de baz yo ki kapab kontribye nan fòmasyon san mank elèv yo.
- b) Disiplin ki anseye yo dwe makònen fòmasyon ak travay.

- c) Kontni pwogram yo dwe travèse plizyè disiplin, nan òganize kourikouloum yo ozalantou kèk tèm santral, ak nan apwòch ki makònen anviwonman ekonomik, sosyal, teknik ak kiltirèl elèv yo, ak kèk estrikti lavi aktif la.
- d) Devlopman aprantisaj yo sou baz oryantasyon eskolè ak pwofesyonèl ap chita sou twa konpetans :
 - Konpetans pou chak elèv devlope nan finisman lekòl segondè a;
 - Sa paran yo swete ;
 - Vrè bezwen mond pwofesyonèl la ak pèspektiv devlopman peyi a.
- e) Chwa kontni ak metòd yo dwe estimile lakay elèv yo espri analiz, sentèz, evalyasyon ak jijman, aptitud pou yo fè rechèch ak pou yo kreye ; se kalite sa yo ki ap pèmèt yo entegre nan pwosesis pwodiksyon ak devlopman nasyonal la.
- f) Kontni pedagogik yo dwe evite pawòl divizyon « travay manyèl/travay entèlektyèl », lè yo ap pèmèt plis ouvèti nan ansèyman chak disiplin gras a aplikasyon konesans yo e gras a devlopman aptitud yo.
- g) Kourikouloum nan dwe ofri menm chans aksè :
 - yon kote, nan etid ak/oubyen fòmasyon siperyè
 - yon lòt kote, sou mache travay la gras a yon fòmasyon teknolojik ak pwofesyonèl ki chita sou gwo aks metye ki genyen (Endistri, Jesyon, Agrikilti, Komès, etc...)

V. FINALITE ANSÈYMAN KREYÒL

Edikasyon ayisyen an, ki baze tèt li sou yon filozofi ki kwè nan moun ak nan sa ki itil, se yon edikasyon nasyonal ki prezante idantite lòm ayisyen an. Se pou rezon sa a ansèyman kreyòl nan Nouvo Segondè vize :

- Devlope kay elèv gou pou fè rechèch ki ap pèmèt yo dekouvri mekanis fonksyonman lang kreyòl la ;
- Pèmèt elèv yo itilize lè yo ap pale tankou lè yo ap ekri yon kreyòl ki anrasinen nan kilti pèp ayisyen an san yo pa melanje kreyòl la ak lòt lang ;
- Pèmèt itilizasyon lang kreyòl la nan sitiyasyon fòmèl pou pwomosyon l' ak entegrasyon l'.
- Fè pwomosyon kilti kreyòl ak valè ki makònen ak kilti sa a nan domèn tankou literati, teyat, mizik eks.
- Pèmèt elèv yo gen lespri yo ouvè sou lòt pèp ak kilti kreyòl ;

KIJAN ELÈV LA AP YE APRE 4 AN

Lè li fini suiv pwogram kreyòl la nan finisman katrityèm ane segondè a, elèv la ap tounen :

- Yon Ayisyen oubyen Ayisyèn ki ap kapab rekonèt, transfòme ak pwodui alekri tankou aloral divès kalte tip tèks nan lang manman l'.
- Yon moun ki ap konnen pwoblèm entèferans ki genyen nan lavi toulejou ant kreyòl la ak lòt lang ki itilize nan sosyete ayisyen an.
- Yon moun ki ap konprann kèk gwo pwoblèm sosyal, ekonomik ak kiltirèl lang kreyòl la rankontre nan peyi a, karayib la ak nan lòt peyi entènasyonal.
- Yon Ayisyen oubyen Ayisyèn ki genyen yon fòmasyon debaz jeneral, teknik ak ekilibre ki ap pèmèt li abòde lòt disiplin yo avèk plis asirans.

VI. OJEKTIF JENERAL ANSÈYMAN LANG KREYÒL

Jan li defini nan pwogram sa a, ansèyman lang kreyòl la nan Nouvo Segondè a ap pèmèt elèv la eksprime panse li ak sa li santi, aloral tankou alekri, kèlkeswa seri elèv la chwazi a. Anplis l'ap pèmèt elèv la :

- Genyen lide jeneral sou istwa lang lan, sou pèsepsyon moun ki pale lang lan gen sou li, sou plas kreyòl jwe nan inite pèp ayisyen ak sou plas lang sa a nan lemond antye.
- Kominike panse l' lè l'ap pale tankou lè l'ap ekri san pwoblèm, metrize kèk prensip analiz diferan tip tèks, konnen kèk nouvo mo nan chan metye ak teknoloji.
- Prezante yon evenman konplèks ak patisipe nan yon deba.
- Jwenn prese prese enfòmasyon nan yon tèks li sot li.
- Relve epi klase lide yon tèks pou l' fè sentèz tèks la.
- Ekri pou l' ka bay opinyon li sou nenpòt sijè.

- Patisipe de fason aktif nan yon deba.
- Reponn kesyon sou tèks yo pwopoze l'.
- Eksplike yon tèks li koute.

Filyè ansèyman jeneral

Objektif ansèyman kreyòl la nan premye ane

Ansèyman kreyòl nan premye ane segondè ap chita sou sa elèv la aprann nan twazyèm sik ansèyman fondamantal la. Ansèyman sa a ap baze l' sou vrè bezwen elèv la genyen nan komunikasyon. Se pou rezon sa a li vize pou elèv la :

- kapab aloral tankou alekri analize diferan pati ak fonksyon yon tèks, ak konnen valè tèks yo (moral, literè, estetik eks.)
- kapab mobilize tout resous entèlektyèl li pou li ka li, ekri, pale kreyòl san li pa melanje l' ak lòt lang.
- Konnen kèk rapò ki genyen ant lang li, kilti li ak sosyete li.
- Kòmanse inisyè l' nan literati ayisyen an kreyòl ak pou li kòmanse analize kèk gwo tèks nan literati sa a.
- Fè etid konpare plizyè kreyòl ak metrize kèk prensip rechèch.

Objektif ansèyman kreyòl nan dezyèm ane

Ansèyman kreyòl nan dezyèm ane segondè ap kontinye sa elèv la te aprann nan premye ane. Klas dezyèm ane a se yon klas detèminan pou elèv la paske se li ki pèmèt elèv la gen konnesans ak abiltè ki nesesè li ap bezwen nan lòt ane k'ap vini yo. Pou rezon sa yo ansèyman kreyòl nan dezyèm ane vize pou elèv la :

- Kapab fè etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl la nan sosyete ayisyen an.
- Ogmante kapasite konpreyansyon l' ak pwodiksyon l' nan lang kreyòl la.
- Metrize pi byen komunikasyon oral, ekri ak komunikasyon pa jès.
- Metrize kèk prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks.
- Aprann ak aplike kèk prensip debaz nan tradiksyon.

Objektif ansèyman kreyòl nan twazyèm ak katriyèm ane segondè

- **Seri literè ak atistik**

Ansèyman kreyòl nan seri atistik ak literè dwe pèmèt elèv la kontinye fè etid ak refleksyon sou lang kreyòl la nan sosyete ayisyen an. Li ap pèmèt aprenan an konnen otè tankou womansye, nouvelis, powèt, dramatis, lodyansè ayisyen tankou etranje ki ekri an kreyòl. Pwofesè a ap mete anpil aksan sou tèms ki enterese elèv yo e li ap itilize tout dokiman literè ki ekri an kreyòl.

Pwofesè a ap itilize yon vokabilè ki adapte ak sijè tankou kilti kreyòl, literati, edikasyon, pwezi, fòklò, mizik, lodyans eks.

- **Seri syans ekonomik ak sosyal**

Ansèyman kreyòl nan seri syans ekonomik ak sosyal dwe pèmèt elèv la abòde san pwoblèm sijè ki gen rapò ak ekonomi, finans ak sosyete. Anseyan an ap mete aksan sou tèms ki gen rapò ak mondyalizasyon, komès lokal, nasyonal, entènasyonal, devlopman ekonomik, kominotè eks. Li ap ede elèv yo mennen ankèt nan sektè ki gen rapò ak domèn sa yo, pou yo ka metrize vokabilè komèsyal ki itilize nan kreyòl la.

- **Seri syans eksperimental**

Seri syans eksperimental la fèt pou elèv ki anvizaje fè etid inivèsitè, syantifik nan domèn tankou Medsin, Fizik, Chimi, Byoloji. Kou ki nan seri sa a diferan de lòt seri yo paske yo mande plis efò entèlektyèl, e paske matyè a pi rich. Kou sa yo mande pou elèv la plis konsantre e pou l gen plis atansyon.

Ansèyman kreyòl nan seri Syans Eksperimental dwe pèmèt elèv la abòde ak fasilite sijè ki gen rapò ak Medsin, Byoloji, Chimi ak Fizik.

Anseyan an ap pèmèt elèv la fè ankèt pou l ka konpare mo kreyolofòn yo itilize nan domèn nou site yo.

- **Seri syantifik**

Seri syantifik la fèt pou elèv ki prevwa fè etid inivèsitè ki gen anpil matematik. Li diferan de seri Syans Eksperimental la paske li mande plis efò mantal e paske li gen yon pwogram jeyometri ki pi konplè.

Ansèyman kreyòl nan seri syantifik la ap bay elèv la opòtinite pou li abòde a pati dokiman ekri, sonò ak ikonografik domèn syantifik ki kouvri yon pakèt matyè.

Filyè ansèyman teknolojik

- ***Objektif « seri pedagojik » la***

Seri sa a gen pou misyon pou l' fòme pandan 4 an mèt polivalan pou de premye sik lekòl fondamantal la. Fòmasyon elèv sa yo resevwa pandan de premye sik ansèyman fondamantal la se menm bagay ak sa elèv ki nan filyè jeneral la resevwa. Fòmasyon sa a ap konplete kilti jeneral yo. Sepandan, fòk anseyan fè yon jan pou ansèyman sa yo fèt ak transmèt nan yon atmosfè ki preske pwofesyonèl. Nan kondisyon sa a korije erè se yon bonjan egzèsis nan fòmasyon didaktik elèv-mèt sa yo.

- ***Objektif seri Syans ak Teknik endistriyèl, tèsyè, agrikòl, mediko-sosyal***

Nan lide pou reponn objektif peyi a genyen pou li fòme yon gwo kantite teknisyen, enjenyè ak pwofesè ki gen fòmasyon syantifik ak teknolojik solid, gen seri teknolojik ki kreye nan filyè endistriyèl, tèsyè, agrikòl ak mediko-sosyal. Fòmasyon elèv nan seri sa yo dwe pèmèt elèv la pou li gen konesans ak abiltè ki nesesè pou espesyalite li chwazi yo.

VII. PROGRAM KAD

PWOGRAM - KAD
SEGONDÈ JENERAL AK TEKNOLOJIK
DISIPLIN : KREYÒL

1^e Ane	2èm Ane	3èm Ane	4èm Ane
I. - Lang ak sosyete an Ayiti	I. - Lang ak sosyete an Ayiti	I. - Lang ak sosyete an Ayiti	I. - Lang ak sosyete an Ayiti
Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an • Jenèz kreyòl la • Fenomèn kreyolizasyon • Peyi kote yo pale kreyòl • Kòman moun ki pale kreyòl wè evolasyon lang lan nan mitan lòt lang nan sosyete ayisyen an	Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an • Kreyòl ak lòt lang nan sosyete ayisyen an • Entèferans Kreyòl/franse Kreyòl/angle Kreyòl/panyòl • Varyasyon nan kreyòl la (anndan lang lan) • Pwoblèm asimilasyon	Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an • Entèferans Kreyòl/franse Leksikal Semantik Sentaksik • Varyasyon rejyonal • Pwoblèm asimilasyon • Kreyòl pale / kreyòl ekri • Rejis lang • Sitiyasyon lang kreyòl la nan kèk domèn	Etid ak refleksyon sou pwoblèm lang kreyòl nan sosyete ayisyen an • Varyasyon sosyal Kreyòl /franse • Ipèkoreksyon Kreyòl /franse Franse/ Kreyòl • Sitiyasyon lang kreyòl nan Kèk domèn

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
II.- Kominikasyon	II.- Kominikasyon	II.- Kominikasyon	II.- Kominikasyon
2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon a) kominikasyon pale ak ekri • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. b) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatizasyon, pwozodi. c) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a d) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm. e) Etid plizyè chema kominikasyon	2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon a) kominikasyon pale ak ekri • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou oral • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. a) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatizasyon, pwozodi. b) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a c) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm. e) Etid chema kominikasyon ak fonksyon langaj	2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon a) kominikasyon pale ak ekri • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou oral • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. a) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatizasyon, pwozodi. b) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a c) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm. e) Etid plizyè chema kominikasyon	2.1 kominikasyon oral, konpreyansyon ak pwodiksyon a) kominikasyon pale ak ekri • Dekouvri nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan diskou oral • Patnè kominikasyon yo koute youn lòt ak anpil atansyon tankou nan repòtaj, ekspoze, resi, blag, devinèt, pwovèb, piblisite, skètch, kont, nouvèl, kontrandi, ak lòt tèks. a) Kominikasyon ki san pale ekri : Mim, ekspresyon kò, jès, dramatizasyon, pwozodi. b) Ekspresyon santiman, bezwen, opinyon sou evenman ak sitiyasyon lavi anndan ak deyò peyi a c) Entèpretasyon tèks : teyat, senèt, dyalòg, powèm. d) Revizyon fonksyon langaj yo

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.2 Kominikasyon ekri	2.2 Kominikasyon ekri	2.2 Kominikasyon ekri	2.2 Kominikasyon ekri
a) Idantifikasyon diferan tip tèks - Lekti efikas ak metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks - Tipoloji lekti : Efikas, aktif, an silans, ekspresif, fonksyonel. - Chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, siyal, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo.	Metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks a) Estrateji lekti b) Analiz diferan tip tèks Chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, siyal, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo. - Dekouvri entansyon otè a, figi estil, valè ak pwogresyon pa tèm. - Sentèz diferan tip tèks - Rezime, plan, tablo ki rezime, fich ki rezime plizyè tèks ou te li.	Metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks a) Estrateji lekti b) Analiz diferan tip tèks Chèche lide enpòtan, lide jeneral, pèsonaj, endis, siyal, lyen lojik ak fonksyon langaj ki pi enpòtan yo. Chèche ilustrasyon c) Sentèz diferan tip tèks : Rezime, plan, tablo ki rezime, fich ki rezime plizyè tèks ou te li. d) Inisyasyon a lekti imaj (inik ak senbolik)	Metriz prensip analiz ak sentèz diferan tip tèks a) Analiz plizyè tèks an menm tan - Presizyon sou konplemantarite de tèks ki parèt depaman - Fè de lide opoze tounen youn - Analiz bann desine (liv ti komik) - Lekti imaj senbolik

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.3 Leksik	2.3 Leksik	2.3 Leksik	2.3 Leksik
Divès manyè ou aprann mo a) Vokabilè lavi afektif, entèlektyèl b) Chan leksikal • Fanmi mo • Antonimi • Omonimi • Sinonimi • Paronimi c) Fòm mo : prefiksasyon, Sifiksasyon, enfiksasyon ; mo prete.	Divès manyè ou aprann mo a) Seleksyon mo ki genyen rapò ak kèk domèn byen detèmine b) Vokabilè lavi afektif, entèlektyèl, syantifik. c) Chan leksikal, chan semantik. d) Ankèt pou tabli vokabilè kèk metye ak domèn teknolojik e) Kreyasyon mo : neyolojis, mòfoloji, mo prete, mo dekalke, derivasyon, afiksasyon.	Divès manyè ou aprann mo a) Seleksyon mo ki genyen rapò ak kèk domèn byen detèmine b) Vokabilè lavi afektif, entèlektyèl, syantifik, premye eleman leksik literè. c) Chan leksikal, chan semantik. d) Kreyasyon mo : mòfoloji, neyoloji, mo prete, mo dekalke, derivasyon, afiksasyon.	Divès manyè ou aprann mo a) Seleksyon mo ki genyen rapò ak kèk domèn byen detèmine b) Kreyasyon mo : mo konpoze, afiksasyon, neyoloji, mo prete, mo dekalke, eks. c) Ankèt pou tabli vokabilè kèk metye ak domèn teknolojik d) Chan leksikal, chan semantik

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri	2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri	2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri	2.4 Pwodiksyon tèks ak lòt ekri
a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks c) Tip ekri : • Divès kalite korespondans • Dyalòg • Pran nòt	a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks • Tèks naratif : resi. • Tèks deskriptif : deskripsyon, pòtre. b) Lòt tip tèks : Enjonktif, agimantatif. c) Tip ekri : • Korespondans administratif • Dyalòg • Rapò • Lèt • Kourikouloum vite • Rezime	a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks • Tèks naratif : resi. • Tèks deskriptif : deskripsyon, pòtre. b) Lòt tip tèks : • agimantatif d) Tip ekri : • Korespondans administratif • Kontrandi • Pozoloji • Mòd anplwa • Afich • Kourikouloum vite • Rezime ak Sentèz	a) Mekanis ak metriz prensip pwodiksyon tip tèks • Tèks naratif • Tèks deskriptif b) Lòt tip tèks : • Agimantatif • Enfòmatif • Enjonktif d) Tip ekri • Korespondans administratif • Rezime • Pozoloji/Mòd anplwa • Afich • Kourikouloum vite • Sentèz

1^e Ane	2èm Ane	3èm Ane	4èm Ane
2.5 Òtograf	2.5 Òtograf	2.5 Òtograf	2.5 Òtograf
Aprofondisman sa ki te aprann sou Alfabè Fonetik entènasyonal	- Kontraksyon : kontraksyon eleman gramatikal / kontraksyon eleman leksikal - Asimilasyon - Òtograf mo konpoze	- Istwa grafi kreyòl la - Analiz konpare ansyen ak nouvo grafi kreyòl ayisyen	Analiz konpare ansyen ak nouvo grafi kreyòl ayisyen an

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.6 Gramè	2.6 Gramè	2.6 Gramè	2.6 Gramè
a) Etid ak pwodiksyon tip fraz : • Etid fraz senp • Diferan estrikti fraz senp SVO • Transfòmasyon fraz senp : Tip obligatwa/fakiltatif b) Etid fraz konplèks • Kowòdinasyon • Sibòdinasyon • Ekspresyon : Koz, konsekans, bi. c) Figi retorik ak gramè : antonimi, homonimi, paronimi, sinonimi. d) Analiz diskou : • Tip diskou • Dirèk/endirèk	a) Etid ak pwodiksyon fraz b) Etid fraz konplèks : • Kondisyon, konsesyon, tan. • Etid fraz ki genyen plizyè predika • Analiz ak reprezantasyon fraz senp • Predika ak vèb nan kreyòl ayisyen c) Figi retorik ak gramè : metonimi, otonimi. d) Analiz kontrastiv (leksik) franse/kreyòl (sentaks) e) Tan ak aspè nan fraz kreyòl f) Analiz diskou • Tip diskou • Endirèk lib/narativize, evoke.	a) Etid fraz konplèks : • Kondisyon • Konparezon • Pwopzisyon miks : kondisyon/konparezon • Etid fraz ki genyen plizyè predika • Vèb seriyèl b) Etid monèm fonksyonèl : se, nan, pa, eks. c) Etid inite ki estriktire espas ak tan : devan, dèyè, anba, sou, anlè, anwo, jodi, demen, eks. d) Konektè lojik e) Tan ak aspè • Ekspresyon tan : prezan, pase, kondisyonèl, fiti. f) Figi retorik ak gramè : Ipèronimi, iponimi, pantonimi, retwonimi, toponimi.	a) Etid fraz konplèks b) Nwayo fraz e ekspresyon tan ak aspè c) Pwonon d) Etid fraz ki genyen plizyè predika • Aprofondisman predikasyon nominal, vèbal, adjektival eks. e) Ekspresyon anfas f) Figi retorik ak gramè : • Konparezon • Metafò • Alegori • Anafò • Anagram • Aliterasyon • Asonans

1 ^e Ane	2 ^{èm} Ane	3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
2.7 Tradiksyon	2.7 Tradiksyon	2.7 Tradiksyon	2.7 Tradiksyon
a) Gran prensip tradiksyon b) Teknik tradiksyon • Metriz estrikti gramatikal lang an prezans yo (kote yo rankontre ak kote yo pa rankontre) c) Tradiksyon (blag, paragraf, teks)	a) Aplikasyon prensip yo nan tradiksyon b) Tradiksyon tèks tankou : konsiy, mòd anplwa, eslogan, afich, eks.	a) Aplikasyon gran prensip tradiksyon b) Tradiksyon tèks tankou : konsiy, mod anplwa, tèks naratif, tèks deskriptif, dyalòg, kont, blag.	a) Aplikasyon gran prensip tradiksyon b) Tradiksyon tèks agimantatif, enjonktif, provèb, dokiman ofisyèl, tèks deskriptif, naratif, enjonktif, eks...

3 ^{èm} Ane	4 ^{èm} Ane
III.-Literati ayisyen an kreyòl	III.- Literati ayisyen an kreyòl
• Aplikasyon prensip kòmantè literè • Aplikasyon teknik disètasyon literè • Etid jan literè : . Tèks ansyen ki genyen divès jan • Tèks literati oral : teyat, fab,blag ; tèks didaktik, dramatik, lirik, komik, ekriti epistolè ak lòt tèks ankò. • Pwodiksyon kèk tip tèks ki genyen karaktè literè • Pwodiksyon kèk tip tèks ki genyen karaktè literè • Etid pa tèm kèk èv literè (woman, nouvel, teyat, eks.)	• Aplikasyon prensip kòmantè literè • Aplikasyon teknik disètasyon literè • Pwodiksyon kèk tip tèks literè • Etid pa tèm kèk èv literè ki ekri an kreyòl (woman, nouvel, pwezi, teyat, eks.)

1e Ane	2èm Ane	3èm Ane	4èm Ane
V. - Teknik rechèch	V. - Teknik rechèch	V. - Teknik rechèch	V. - Teknik rechèch
• Rechèch dokimantè • Sous enfòmasyon • Depouyman yon liv • Pran nòt • Fich lekti • Endikasyon yon referans bibliyografik	• Elaborasyon yon kesyonè • Pran nòt • Ankèt pou bezwen fich teknolojik • Fich lekti • Fòmilè	• Elaborasyon yon kesyonè • Antretyen • Ankèt pou bezwen filyè teknolojik yo • Fòmilè	• Elaborasyon yon kesyonè • Antretyen • Ankèt pou bezwen filyè teknolojik yo • Fòmilè

VIII. PROGRAM DETAYE DEZYÈM ANE

Lang ak sosyete an Ayiti

Koutje sou pwogram nan
Kominikasyon oral : Koute ak pale

Kominikasyon ekri: Pwodiksyon tèks

Gramè Fraz / Gramè tèks

Leksik / Òtograf

Tradiksyon

PWOFIL ELÈV DEZYÈM ANE SEGONDÈ NAN LANG AK SOSYETE

1. KARAKTERISTIK KI ENPÒTAN POU LANG AK SOSYETE NAN YON EVALYASYON SOMATIF

Sityasyon kominikasyon an dwe presize pou elèv la eleman sa yo:

- yon entansyon kominikasyon;
- yon tèm osnon plizyè tèm ki genyen rapò ak lang ak sosyete;
- tip pratik kominikasyon (diskisyon, deba, ekspoze, kontrandi, pyès teyat, elatriye)

1.2 Konsiy yo dwe presize tou:

- Moman ak dire kominikasyon an;
- Resous ki otorize pou itilize.

2. KARAKTERISTIK DISKOU ELÈV LA NAN KAD EVALYASYON AN

2.1 Li bay lang li valè ;

2.2 Li ekri ak pale lang kreyòl la san entèferans lòt lang ;

2.3 Elèv la koyeran lè li ap ekri e lè li ap pale kreyòl.

Lang ak sosyete an Ayiti

Konpetans	Eleman ki nesèsè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
1. Analize sentaksikman fraz ki genyen entèferans franse ladan yo. 1.1 Fè diferans ant detachman an kreyòl ak detachman an franse. 1.2 Fè diferans ant ekstraksyon an kreyòl ak ekstraksyon an franse. 1.3 Konpare konpleman sikonstansyèl an kreyòl ak konpleman sikonstansyèl an franse.	- Fonksyónman sentaksik pè vèb sa yo sou baz wòl objè/destinatè nan fraz an franse ak an kreyòl: dire/di, demander/mande, prêter /prete, donner/bay, envoyer/voye... - konpleman sikonstansyèl... - Ekstraksyon ak detachman nan de lang yo - Fraz anfatik	- Elèv yo travay an gwoup sou tip entèferans destinatè /objè yo abitye tandè nan radyo oswa nan kominote a. Egz (*M'ap bay yon kado ak papa m' nan plas « m'ap bay papa m' yon kado » - Elèv yo ap travay an atelye sou lis vèb sa yo ak lòt vèb ki fonksyone menm jan an. Elèv yo ap bay fraz kòrèk an franse ak an kreyòl ki genyen pè vèb sa yo.	Li enpòtan pou elèv yo konnen presyon estrikti lang franse a sou kreyòl la kapab manifeste nan tout gwoup ki nan fraz la : gwoup non, gwoup vèb ak nan konpleman sikonstansyèl yo.

2. Analyze semantikman fraz ki genyen entèferans franse ladan yo. 2.1 Distenge mo ki sonnen menm jan an kreyòl ak an franse men ki pa genyen menm sans.	• Fonksyonman semantik pè mo ki sonnen menm jan nan de lang yo men ki pa gen menm sans. • Analiz fenomèn mo prete soti nan franse ale nan kreyòl. • Analiz fenomèn mo dekalke nan kreyòl ayisyen. • Mo ki itilize an kreyòl ak an franse pou pale de kò moun.	• Travay an atelye sou pè mo tankou : frekan/frequent, Pakèt/paquet, kale/caler, kanpe/camper... kote elèv yo ap konpare divès sans pè mo sa yo ka genyen nan de lang yo.	• Enfliyans fraz franse sou fraz kreyòl sou baz sans se bagay ki pi fasil, paske de lang yo genyen anpil mo ki sonnen menm jan. Fòk elèv yo fè anpil atansyon : menm si de mo sonnen menm jan, sa pa vle di yo kouvri menm reyalye kidonk yo genyen menm sans.
3. Distenge estrikti pwòp kreyòl ak angle nan fraz ki genyen entèferans ant de lang sa yo. 3.1 konpare fraz kreyòl ak angle sou baz entèferans sentaksik ki ladan yo. 3.2 Konpare fraz kreyòl ak angle sou baz entèferans leksikal ki ladan yo.	• Diskou nou jwenn nan pale ak nan chante an kreyòl ki genyen entèferans angle ladan yo. • Fraz angle ki soti nan bouch Ayisyen ki ap viv nan peyi ki pale angle.	• Travay an ti gwoup sou fim ayisyen ki monte Ozetazini kote elèv yo ap idantifye fraz kreyòl ki genyen angle ladan yo. Egzanp : *Rele m bak/call me back; *ou bèdè ale /you better go; *M' min sa m' di a /I mean what I say.	• Elèv yo dwe prete anpil atansyon ak pawòl yo tandè nan chante ak nan bouch Ayisyen ki ap viv Ozetazini. An plis, akòz medya yo ki pase anpil mizik ki genyen tras angle ladan yo, enfliyans lang angle sou kreyòl la ogmante chak jou pi plis.

4. Distenge estrikti pwòp kreyòl ak panyòl nan fraz ki genyen entèferans ant de lang sa yo. 4.1 Konpare fraz kreyòl ak panyòl sou baz entèferans sentaksik ki ladan yo. 4.2 Konpare fraz kreyòl ak panyòl sou baz entèferans leksikal ki nan yo.	• Diskou nou jwenn nan pawòl Ayisyen ki ap viv sou fwontyè Ayiti ak Dominikani. • Diskou nou jwenn nan pawòl Ayisyen ki te viv osnon etidye nan yon peyi ki pale panyòl (Dominikani, Kiba, Meksik, eks.) Egz. *M' fè w' de kesyon, ou pa reponn. /Te hice dos preguntas, y no me contestaste. (M' poze w' de kesyon, ou pa reponn.) * Pa presyona m' /(pa ban m' presyon.)	• Travay an gwoup : elèv yo fè rechèch sou pawòl ki pwononse an kreyòl men ki genyen tras lang panyòl ladan yo. Yo prezante rechèch yo nan klas la pou lòt elèv ka dekouvri nati entèferans lan.	• Elèv yo dwe fè anpil atansyon ak pawòl ki genyen tras panyòl ladan yo. Akoz anpil etidyan ki al fè etid yo nan peyi panyòl (Sendomeng, Kiba...), anpil Ayisyen ki fè antre soti Sendomeng, eks. lang panyòl egzèsè anpil enfliyans sou lang kreyòl la.
---	---	--	--

Konpetans	Eleman ki nesèsè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
5. Analize fonksyónman lang kreyòl la sou baz rejyon jewografik.	• Varyete nò, lwès ak sid nan kreyòl ayisyen sou baz sentaks, fonolojik ak leksikal. • Varyete selon kouch sosyal ki ap pale kreyòl la.	• Travay an gwoup : elèv yo ka ekri yon lis mo nou jwenn nan yon rejyon nan peyi a men nou pa jwenn nan yon lòt rejyon. • Ekri yon lis mo gramatikal sou baz tronkasyon mo sa yo sibi selon rejyon jewografik. • Travay an atelye sou rejyon nan peyi a kote « mwen » tounen « wen » ou « m' » pa egzanp.	• Ou ka jwenn anpil varyasyon nan lang kreyòl la : varyasyon sou baz rejyon jewografik, sou baz klas sosyal, sou baz pwofesyon, sèks, kwayans, eks.

PWOFIL ELÈV DEZYÈM ANE SEGONDÈ KÒM LOKITÈ

1. KARAKTERISTIK SITYASYON KOMINIKASYON ORAL NAN YON EVALYASYON SOMATIF

1.1 *Sityasyon kominikasyon an dwe presize pou elèv la eleman sa yo :*

- yon entansyon kominikasyon;
- yon tèm osnon yon chwa pami plizyè tèm ;
- tip pratik kominikasyon oral (diskisyon, deba, ekspoze, kontrandi, istwa oral, pyès teyat, elatriye)

1.2 Konsiy yo dwe presize tou:

- Moman ak dire kominikasyon an;
- Resous ki otorize pou itilize.

2. KARAKTERISTIK DISKOU ELÈV LA NAN KAD EVALYASYON AN

2.1 *Adapte pou sityasyon kominikasyon an*

Diskou elèv la adapte si li respekte eleman sa yo

❖ Enfòmasyon li transmèt yo pèmèt :

- aprofondi, nyanse, ilistre ou jistifye opinyon li sou yon èv li prezante ;
- eksplike yon afimasyon, yon reyalite, oubyen yon fenomèn
- defann yon pwennvi.

❖ Enfòmasyon yo pran an konsiderasyon karakteristik destinatè a ak tout reyaksyon li

❖ Diskou elèv la pwovoke enterè destinatè a :

- Pou fason li chwazi mo ak fraz li yo ;
- Pou eleman san pawòl li chwazi pou kominikasyon an (entonasyon, vitès, volim, jès, dokiman sipò).

2.2 *Koyeran*

Diskou elèv yo koyeran si destinatè a ka suiv san difikilte pwogresyon diskisyon, deba, kontrandi, ekspoze a :

- eleman nesèsè pou pèmèt konpreyansyon yo la ;
- li byen soutni pwennvi li yo ;
- rejis lang lan annakò ak egzijans sityasyon kominikasyon an.

Kominikasyon oral

Konpetans	Eleman ki nesesè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
1. Pwodui divès kalte diskou oral. 1.1 Distenge òganizasyon diferan diskou oral an fonksyon sitiyaasyon kominikasyon an. 1.2 Itilize resous lang nan pou rapòte yon diskou oral ou fin tande bay yon moun ki pa te la.	- Tèks enfòmatif, tèks deskriptif, tèks naratif, tèks agimantatif, eks. - Diskou dirèk, diskou endirèk, diskou evoke, diskou narativize, eks. - Repòtaj nan radyo ak nan televizyon, pyès teyat, eks.	- Travay an gwoup : Chak gwoup ap chwazi youn nan aspè sa yo pou travay sou li. (fòk chak aspè genyen rapò ak anviniwónman) Gwoup yo ap konpare rezilta travay yo nan yon prezantasyon oral. - Travay an gwoup sou fason jounalis rapòte yon eveneman nan radyo ak televizyon e ki konsènen anviniwónman. Epi gwoup la ap prezante rezilta travay li a bay klas la.	Elèv yo va fè rechèch sou diskou rapòte nan lang kreyòl la, paske an jeneral yo plis abitye ak diskou dirèk epi diskou endirèk. Aksan dwe mete sou diskou evoke ak diskou narativize. Egz. Diskou dirèk / Pòl di : « Mwen pa pè. » Diskou endirèk / « Pòl di li pa pè. » Diskou narativize / Pòl pa genyen laperèz. Diskou evoke / Pòl pa « pè ».

Konpetans	Eleman ki nesèsè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
2. Analize echanj ki genyen ant de ou plizyè lokitè anndan yon dyalòg. 2.1 Analize fason yon konvèsasyon ap mache selon pozisyon sosyal moun ki nan echanj lan. 2.2 Analize fason yon konvèsasyon ap mache selon eleman gramatikal lokitè yo anplwaye. 2.3 Analize	- Dyalòg nan teyat ak feyton. - Rapò granmoun/timoun, patwon/anplwaye, pwofesè/elèv, pwofesè/pwofesè, elèv/elèv, eks. - Pwonon, vèb, tan, aspè, non, adjektif, advèb, eks. - Rejis lang (familye, estanda, soutni.) - Konotasyon / denotasyon	- Travay an gwoup : plizyè elèv ap mennen yon konvèsasyon sou anviwònman epi lòt elèv ki pa nan konvèsasyon an ap obsève kilès nan lokitè yo ki plis mennen konvèsasyon an sou plizyè plan (metriz sijè a, konesans nan lang lan, eks.). Apre yo va fè deba. - Travay an atelye : plizyè elèv ap mennen yon konvèsasyon sou yon sijè yo chwazi. Chak manm nan gwoup la chwazi pale nan yon rejis. Lòt elèv nan klas ap obsève e yo ap pran	Nan yon konvèsasyon, de lokitè yo pa janm sou menm pye egalite. Kidonk genyen eleman lengwistik nan konvèsasyon (fraz, mo, gwoup fonksyonèl, pwopozisyon, eks.) men tou genyen eleman ki pa lengwistik ki enfliyanse konvèsasyon an : rapò ki genyen ant moun ki ap pale yo, konesans moun yo sou sijè yo ap pale a, eks.

fason yon konvèsasyon ap mache selon mo lokitè yo anplwaye.		nòt pou yo ka fè bonjan kòmantè apre. • Travay an gwoup : yon gwoup elèv ap fè yon ekspoze pou prezante pwoblèm debwazman nan peyi a bay kèk ekspè nan domèn nan ki vini vizite lekòl yo; yon dezyèm gwoup ap fè travay la bay kèk senp sitwayen. Lòt elèv nan klas la ap pran nòt pou yo ka konpare rejis lang chak gwoup itilize.	Li enpòtan pou elèv yo konnen epi konprann fonksyónman eleman sa yo.
3. Analize nan ki lòd enfòmasyon yo prezante ak sibtilite ki nan yon repòtaj an dirèk. 3.1 Analize yon	• Repòtaj radyo ak televizyon ak tout lòt ekstrè oral elèv yo kapab jwenn.	• Ekspoze : Gen plizyè gwoup ki fòme, rapòtè chak gwoup prezante rezilta rechèch gwoup la fè nan lòd tematik oswa kronolojik.	• Yon enfòmasyon ki prezante pa tèm pèmèt elèv la konprann yon sitiyasyon globalman.

enfòmasyon pa tèm. 3.2 Analize yon enfòmasyon pa dat.		Enfòmasyon ki prezante yo soti nan yon repòtaj radyo oswa televizyon. Ekspoze sou fòm konferans: yon gwoup elèv prezante, nan yon konferans, travay rechèch yo fè sou repòtaj an dirèk ki pase nan radyo. Lòt elèv nan klas la pran nòt pou yo ka poze kesyon. Kesyon yo dewoule sou avantaj ak enkonvenyan prezantasyon evenman yo sou plan tematik ak kwonolojik.	Sepandan, yon enfòmasyon ki prezante pa dat pèmèt elèv la retrace kwonoloji evènman an sou plizyè jou, mwa, ane, syèk, eks.
4 Evalye òganizasyon yon piblisite ki pase nan radyo. 4.1 Detekte anndan yon	- Enfòmasyon objektif sou pwodui a, tankou non li, karakteristik li ak pri li, eks., - imaj (figi retorik yo) tankou metafor,	Ekspoze miltimedya: Apre elèv yo fin tande kèk piblisite sou dives kalte pwodui, yo pran nòt epi diskite sou eleman ki kapab pouse	Piske piblisite fin anwayi sosyete n'ap viv la, fòk elèv yo rive konprann fonksyonman mòd

piblisite eleman ki pouse ou achte yon pwodui. 4.2 Distenge yon piblisite ki bay enfòmasyon ak yon lòt ki aji sou konpòtman konsomatè yo san yo pa rann yo kont.	metonimi, konparezon, ipèbòl, pèsonifikasyon, eks. • Enfòmasyon sibjektif sou pwodui a/repetisyon enfòmasyon sibjektif yo.	yon moun achte divès pwodui sa yo. Aktivite an Gwoup: Aprè elèv yo fin fè rechèch sou divès piblisite yo tandè nan radyo, chak gwoup ap bay ki kote yo jwenn bonjan enfòmasyon objektif nan piblisite sa yo ak kote se sèlman enfòmasyon pou ankouraje moun achte pwodui sa yo ki genyen.	kominikasyon sa a.
5 Analize echanj ki genyen ant diferan aktè anndan yon pyès teyat. 5.1 Analize diskou pèsonaj yo selon wòl yo ap jwe nan yon pyès teyat 5.2 Analize	• Tip fraz ki itilize nan echanj yo (fraz kòmande, fraz deklare, fraz kesyon oswa fraz esklame) • Sitiyasyon enonsyasyon nan replik pèsonaj yo. • Nosyon sou pwogresyon anndan tèks (règ repetisyon...)	• Senèt: Yon gwoup kat elèv monte yon ti pyès teyat. Yo chwazi tèm yo ak wòl yo. Twa premye yo ap jwe, katriyèm nan ansanm ak rèz klas la ap obsève tip fraz ki plis itilize	• Li enpòtan pou elèv konprann wòl anafò osnon repriz anaforik jwen nan yon tèks, pou yo ka etidye replik ki

koyerans ki genyen anndan diskou pèsonaj yo 5.3 Analize pwogresyon anndan replik yo.	• Konektè lojik, anafò, ak repriz anaforik.	ansanm ak replik ki nan dialog yo. Nan fen pyès la, deba fèt sou aktivite ki sot fèt la. • Pandan yon gwoup elèv ap prezante yon pyès teyat, lòt gwoup yo ap pran nòt sou konektè ak anafò ki asire koyerans tèks la. Chak gwoup prezante rezilta travay li pou diskisyon.	genyen ant aktè yo nan yon pyès teyat.
--	---	---	---

6 Pran nòt apati yon diskou oral. 6.1 Prepare zouti ki nesesè pou aktivite sa a. 6.2 Aplike teknik ki nesesè pou aktivite sa a.	• Konvèsasyon nan telefòn, kou nan lekòl, konferans, reyinyon pwofesyonèl, emisyon nan radyo, nan televizyon,	• Nan kad sòti ki fèt nan klas la, elèv yo òganize plizyè gwoup travay. Chak gwoup deside pran nòt sou yon etap nan sòti a. Apre sa, chak gwoup ekri rapò li. Nan pwochen kou ki genyen chak	• Li enpòtan pou elèv yo devlope konpetans sa a bonè bonè paske, se yon aktivite ki enpòtan anpil pou rès etid yo ak pou
--	---	--	--

	pandan yon jounen pòt louvri, pandan elèv la ap fè estaj,eksetera. • Konesans sou mwayen ak teknik elèv la ap bezwen pou li ka pran nòt.	gwoup vini prezante rapò pa li ; apre sa, deba fèt sou tout sa ki jije enpòtan nan pwosesis sa a. • Se pa tout tan yon elèv kapab pran nòt. Elèv yo ap chèche kilè yo pa ka pran nòt epi yo ap fè diskisyon sou sa. Lè yon sitiyasyon konsa prezante se memwa ki jwe yon wòl enpòtan nan plas kaye ak kreyon. Chak elèv ap fè egzèsis sa a, li ap jwe sou memwa li pou li ka ekri nòt annapre. • Chak elèv ap repete plizyè fwa sitiyasyon ki soti dekri la a, pou abitud la ka rete lakay li.	lavi pwofesyonèl alavni.
--	---	--	---------------------------------

PWOFIL ELÈV DEZYÈM ANE SEGONDÈ KÒM ESKRIPTÈ

PWOFIL ELÈV DEZYÈM ANE SEGONDÈ KÒM ESKRIPTÈ

Kominikasyon ekri: pwodiksyon ekri

Konpetans	Eleman ki nesesè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
1. Prepare teknik ak zouti ki pèmèt ou reyisi yon pwodiksyon ekri anvan ou kòmanse redije. 1. Bati yon plan ki pa depaman ak tip ekri ou vle pwodui a. 2. Ranje lide ou yo selon enpòtans yo nan tèks ou ap pwodui a. 3. Planifye kantite paragraf, alineya, espasman, tit, soutit, ou ap mete nan tèks ou a.	• Itilizasyon fèy bouyon • Resous tankou diksyonè, gramè, leksik ak lòt moun ki kapab ba ou èd.	• Aktivite an gwoup : a pati yon sijè, chak gwoup elèv ap prezante yon plan pou sijè a. Diskisyon ap fèt nan klas la sou diferan plan sa yo sou baz kilès ki pi respekte prensip pou byen bati yon plan. • Aktivite an atelye : Nan yon premye tan, elèv nan chak gwoup prepare yon plan epi konstwi yon tèks dapre plan sa a. Nan yon dezyèm tan gwoup yo chanje tèks yo youn ak lòt. Nan yon twazyèm tan chak gwoup ap bati plan tèks ki nan men yo a.	• Lè elèv la konnen kijan pou li prezante nenpòt ki tèks, li genyen plis chans pou li reyisi yon pwodiksyon ekri. Se pou rezon sa a, elèv la ap mobilize tout resous ki posib (diksyonè, gramè, leksik, èd espesyalis...) pou li ka reyisi tout sa li ap ekri.

		Aprè sa, yo fè konparezon ant de plan yo.	
2. Pwodui divès tèks an fonksyon entansyon kominikasyon ki nan tèt ou. Tabli relasyon ant entansyon kominikasyon (sa ou vle ekri a) ak tip tèks ki asosye ak entansyon sa a. Fè diferans ant yon tèks administratif ak yon tèks òdinè.	• Ekri ki genyen karaktè pèsonèl : biyè, lèt zanmitay, kat postal, imel, eksevera • Ekri ki genyen karaktè administratif : lèt administratif, rapò, nòt administratif, kontrandi, pwosèvèbal, sikilè,	• Tout elèv yo ap ekri yon kamarad yo ki malad yon ti biyè pou ba li kouraj epi swete li bon retablisman. Apre, chak elèv ap analize pwodiksyon sa yo an gwoup sou baz relasyon kamarad la ak chak grenn elèv. • Similasyon : Yon elèv ap jwe wòl direktè epi kèk lòt ap jwe wòl anplwaye. Direktè a genyen pou ekri anplwaye yo sou yon sijè epi anplwaye yo ap genyen pou reponn lèt Direktè a. Apre, tout elèv ap genyen pou analize karakteristik fòm	• Fòk elèv la sonje se entansyon eskriptè a ki pral dikte li ki tip fraz pou li fè : si li vle rakonte, li ap fè yon tèks naratif, si li vle enfòmè, li ap fè yon tèks enfòmatif, eks.

		lèt sa yo sou baz prensip yo.	
3. Analize òganizasyon yon tèks naratif 3.1 Fè diferans ant diferan etap transfòmasyon nan yon tèks naratif 3.2 Tabli relasyon ant diferan etap transfòmasyon nan yon tèks naratif	• Chema naratif an twa pati (Eta inisyal, transfòmasyon, eta final. • Chema naratif an senk pati (Eta inisyal, mank, kèt, peripesi/rezilta, eta final) • Chema aktansyèl (Donatè / Destinatè, oksilyè / opozan, sijè-aktè/ objè	• A pati yon istwa reyèl (nan lekòl la, nan peyi a eks.) elèv yo ap analize diferan pati ki rantre nan istwa sa a. • Elèv yo ekri yon pyès teyat kote yo ap rakonte pakou yon sijè-aktè nan relasyon li ak lòt pèsonaj yo.	• Chema naratif pa mache san chema aktansyèl. Yo tankou yon pyès adoken : youn se palmis lòt la se figi. Chema naratif la pèmèt elèv la analize aksyon ki anndan tèks naratif la. Chema aktansyèl la, li menm, pèmèt elèv la konprann ki moun ki poze aksyon yo.

4 Pwodi divès kalte tèks agimantatif 4.1 Agimante pou bay opinyon ou sou yon sijè. 4.2 Agimante pou reponn yon lide ou pa dakò avèk li. 4.3 Agimante pou fè ekilib ant de lide ki pa ale nan menm sans.	• Tèks agimantatif, òganizasyon : Rezònman endiktif, Rezònman dediktif, rezònman dyalektik, eks. • Diskou politik, esè, piblisite, liv ki kritike, eks.	• Plizyè gwoup fòme nan klas la. Yo chwazi tèm legalizasyon Ladwòg , yon pati pou, yon pati kont, Yon pati ap fè ekilib ant de pozisyon kontrè yo. • Menm aktivite a ak tèm pèn lanmò. • Menm aktivite a ak lòt tèm elèv yo chwazi.	• Moun agimante pou divès rezon : pou defann dwa yo, pou akize lòt moun, pou defann pwennvi yo, pou joure, pou fè polemik. Anfen, anfen, se pa okazyon ki manke pou moun agimante, kidonk pou pwodi tèks agimantatif.
---	--	---	---

5 Pwodui tèks ki genyen plizyè tip (deskriptif, naratif ak agimantatif...) 5.1 Analize fonksyónman tèks ki genyen plizyè tip. 5.2 Tabli relasyon ant entansyon kominikasyon ak tip tèks.	• Atik journal, nouvèl literè, ekstrè woman, piblisite ekri, chante, resèt kuizin... • Tèks ki genyen plizyè tip.	• Travay an atelye : Chak elèv vini ak yon tèks li idantifye ki genyen plis pase yon tip. Yo reyini an gwoup senk moun. Yo chanje tèks yo ant yo menm. Epi chak gwoup ap pwodui yon rapò pou eksplike ki tip yo jwenn nan tèks la epi defann pwennvi yo. • Aktivite an gwoup :Yon koutye ki bezwen lwe yon kay, genyen yon diskou ki ka genyen divès tip tèks. Chak gwoup ap reflechi sou pawòl koutye abitye di lokatè. Epi yo ap redije yon tèks pou rapòte pawòl sa yo.	• Lè yon moun ap ekri, li posib pou genyen plizyè tip nan tèks li a. Pa egzanp, si li vle bay adrès kote li rete li ka fè deskripsyon (sekans deskriptif), si li vle genyen rezon sou moun li ap ekri a li ka agimante (tèks agimantatif). Kidonk, yon tèks kapab genyen plizyè tip. Chak tip anndan yon tèks kapab pote non sekans : sekans destriptif, agimantatif, eks.
---	--	---	--

6 Reyalize yon fich lekti 6.1 Distenge enfòmasyon sou otè a ak enfòmasyon ki trete anndan tèks la 6.2 Fè diferans ant yon fich lekti ak yon rezime 6.3 Prezante yon bibliyografi selon prensip rechèch yo	• Enfòmasyon sou otè a (non li, kote li fèt, ane li fèt, eks.) • Enfòmasyon sou tèks la (Tit, sou tit, dat piblikasyon, mezon edisyon, kantite paj, eks.) • Enfòmasyon sou tèm ki trete anndan tèks la (anviwonman, sante, ladwòg, eks.)	• Elèv yo prepare yon lis liv ansanm. Chak gwoup chwazi travay sou twa liv. Yo fè fich lekti yo epi yo prepare yon bibliyografi. • Nan kad yon prezantasyon elèv yo genyen pou yo fè sou anviwonman, yo prepare fich lekti sou dokiman yo li. • Nan kad yon prezantasyon elèv yo genyen pou yo fè sou VIH/sida yo prepare fich lekti sou dokiman yo li.	• Konn fè fich lekti enpòtan anpil nan aktivite entèlektyèl yon elèv. Li ap pèmèt elèv la òganize enfòmasyon li ap li yo pou li ka itilize yo annapre.
7 Prepare yon fòmilè. 7.1 Prepare kesyon yo an fonksyon enfòmasyon otè a ap chèche 7.2 Prevwa ki rejis lang ki nesesè pou fòmilè a.	• Entèwogasyon dirèk ak entèwogasyon endirèk... • Konesans sou rejis lang yo,	• Travay pèsònèl : chak elèv ap prepare yon fòmilè selon yon aspè ki enterese li ak ki enfòmasyon li ap chèche.	• Elèv la ap genyen divès okazyon pou li prepare yon fòmilè, sitou lè li ap fè rechèch pou devwa mezon yo.

Leksik /òtograf

Konpetans	Eleman ki nesèsè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
1. Itlize mo ki adapte ak Kontèks kominikasyon an. 1.1 Fè diferans ant diferan aspè (afektif, entèlektyèl, syantifik) anndan yon leksik. 1.2 Distenge teknik derivasyon, konpozisyon, mo prete ak mo dekalke. 1.3 Distenge chan leksikal ak chan semantik	- Vokabilè afektif, entelektyèl oswa syantifik. - Afiksasyon (prefiks / sifiks) - Konpozisyon, mo prete, mo dekalke - Sitiyasyon kominikasyon / leksik - Chan leksikal / chan semantik - Denotasyon / konotasyon - Kontèks lengwistik/kontèks ki pa lengwistik	Aktivite an gwoup: Chak gwoup ap genyen pou trete yon menm tèm, egz. Sante, nan diferan kontèks kominikasyon (rapò paran-pitit/ rapò pwofesè elèv eks. Elèv yo ap genyen pou analize tout diferans yo jwenn nan mo yo itlize yo selon kontèks kominikasyon an. Elèv yo ap travay an gwoup sou twa metòd fòmasyon mo. Chak gwoup ap genyen yon metòd pou li analize epi jwenn kèk egzanp. Apre elèv yo ap diskite ant yo sou diferans yo jwenn nan metòd yo.	Li enpòtan nan kèlkeswa sitiyaasyon an pou mo elèv yo ap anplwaye pa depaman ak sitiyaasyon yo ladan li a. Se pou rezon sa a fòk yo konnen ki mo ki mache ak ki sitiyaasyon.

2. Evalye neyolojis ki anndan kreyòl ayisyen an. 2.1 Analize neyoloji-sans ki anndan kreyòl ayisyen an. 2.2 Analize neyoloji-fòm ki anndan kreyòl ayisyen an. 2.3 Konpare neyoloji sans ak neyoloji fòm ki anndan lang kreyòl la.	• Neyoloji-sans (klowòks, asid batri,) • Neyoloji-fòm ki fèt : pa siglezon (Minista, GNB, RPK, seleksyon idisèt, iven, ivenntwa...); pa afiksasyon (dekrenmen, dekole, gaspiya, piyajè).	• Aktivite an gwoup : Chak gwoup ap genyen pou fè rechèch sou mo ki fòm pa neyoloji-fòm. Yo ap prezante yon lis mo sa yo ak sans yo genyen anndan lang nan. Yo kapab menm fè istwa mo sa yo si sa posib. • Aktivite an gwoup : Menm aktivite a ak neyolojis-sans. • Aktivite an gwoup : Elèv yo ap diskite ant yo pou jwenn resanblans ak diferans ki genyen ant de metòd sa yo.	• Depi kreyòl la fèt nouvo mo ap antre ladan li, nouvo sans ap kreye. Pou rezon sa yo, fòk elèv yo konnen kijan nouvo mo fèt nan kreyòl ayisyen an, ak kijan lòt mo ki te la deja ka pran nouvo sans.
---	--	--	---

3. Analize fenomèn asimilasyon an nan kreyòl ayisyen. 3.1 Pwodi fraz ki genyen kontraksyon leksikal ak kontraksyon gramatikal. 3.2 Analize pwodiksyon ki genyen asimilasyon entèn. 3.3 Analize pwodiksyon ki genyen asimilasyon ekstèn.	• Kontraksyon eleman leksikal. Egz. Konnen tounen konn Genyen " " gen Rete « ret • Kontraksyon eleman gramatikal. Egz. Tifi pa ou a di mwen soulye li a chire/ tounen : tifi pa w' la di m' soulye l' la chire. • Asimilasyon entèn Egz. Tankou tounen kankou Famasi " " fanmasi Almanak " " almannak • Asimilasyon ekstèn Egz. « Li ba ou on kou. » tounen « Li bò w on kou. »	• Chak elèv pran kèk egzanp ki genyen rapò ak kontraksyon epi asimilasyon. Apre sa yo konpare diferan fraz yo jwenn yo. • Travay rechèch : Nan yon premye tan, chak gwoup anrejistre sou radyo yon sekans an kreyòl ki dire anviwon 2 ou 3 minit. Nan yon dezyèm tan, yo retranskri sekans lan sou papyè. Epi nan yon twazyèm tan, yo analize diferan tip kontraksyon ak asimilasyon ki nan sekans lan.	• Lang kreyòl la itilize asimilasyon ak kontraksyon anpil sitou lè Ayisyen ap pale. Li enpòtan pou elèv yo konprann fenomèn sa yo, ki ap pèmèt yo fè diferans ant lang ekri e lang pale.
---	--	--	--

Tradiksyon

konpetans	Eleman ki nesesè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
1. Aplike prensip tradiksyon ki mande pou respekte sans nan lang sous la. 1.1 Konprann ekspresyon fije ki nan lang sous la. 1.2 Konprann fonksyonman eleman gramatikal, leksikal, semantik... nan lang sous la. 1.3 Respekte rejis lang ki itilize nan lang sous la.	• Tèks kout tankou konsiy, mòd anplwa, afich, kat swè, eslogan... • Tèks fonksyonèl ki ekri an franse ak an kreyòl. • Konesans sou de lang ki fasafas yo sou plan gramatikal, leksikal, semantik, eks.	• Elèv yo ap chèche tèks ki ekri an franse (mòd anplwa medikaman, konsiy pou monte aparèy elektwonik, kat swè, eks.). Yo reyini an gwoup epi chak gwoup deside ki tèks yo ap tradui. Apre sa yo fè konparezon ant tèks orijinal la ak tèks ki tradui a.	• Okazyon pou elèv yo fè tradiksyon pa manke, sitou an Ayiti kote genyen plizyè lang ki fasafas. Pou rezon sa a, elèv yo ap aprann kèk ti prensip ki ap pèmèt yo pa melanje lang yo lè yo ap pale ak lè yo ap ekri.
2. Aplike prensip tradiksyon ki mete plis aksan sou destinatè mesaj la. 2.1 Prevwa pou ki moun tradiksyon ap fèt 2.2 Respekte lespri mesaj la nan lang sous la 2.3 Distenge kontèks lengwistik ak kontèks non lengwistik mesaj la	• Tèks piblisite ekri ak pale • Kèk tèks powetik tankou : ekstrè woman, nouvèl literè... • Tèks deskriptif, naratif, dyalòg, eks. • Denotasyon /konotasyon • Monosemi/polisemi • Chan semantik ak chan leksikal	• Elèv yo chwazi ekstrè ki soti nan woman ayisyen, nan nouvèl literè, nan liv pwezi ayisyen ekri, eks. Yo reyini an atelye epi yo fè tradiksyon tèks sa yo. Apre sa, deba fèt nan klas la sou respè prensip tradiksyon yo.	• Elèv la ap mete li nan plas moun ki pral li mesaj li yo, pou li ka prevwa ki mo, ki fraz ak ki rejis lang pou li anplwaye nan yon tradiksyon.

Gramè fraz ak gramè tèks

Konpetans	Eleman ki nesèsè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
1. Analize estrikti fraz senp nan yon tèks. 1.1 Analize estrikti fraz senp ki genyen vèb. 1.2 Analize estrikti fraz senp ki pa genyen vèb.	- Fraz senp ki genyen konpleman objè dirèk. - Fraz senp ki genyen konpleman objè endirèk. - Fraz senp ki genyen konpleman objè segon. Egz. : Wowo bay Jozèt (konpleman objè dirèk) yon mango. (konpleman objè segon) - Fraz senp ki pa genyen vèb Egz. Jozi malad depi twa jou. (adjektif) - Polo lekòl Lagonav. (Konpleman sikonstansyèl)	Genyen plizyè gwoup ki fòme nan klas la. Elèv yo chwazi tèks ki ekri an kreyòl epi ki genyen divès kalte fraz senp ladan yo. Apre sa, yo etidye estrikti fraz sa yo. Men li enpòtan pou fraz sa yo soti nan yon tèks paske kontèks la ap pèmèt elèv yo etidye rapò ki makònen estrikti lang nan ak sans li ka genyen.	Elèv la ap aprann konnen wòl yon vèb jwe nan yon fraz. Li ap aprann tou genyen lòt eleman ki ka jwe menm wòl ak vèb la nan fraz kreyòl.
2. Analize estrikti fraz konplèks pa kowòdinasyon nan yon tèks. 2.1 Konpare pwopozisyon endepandan ak pwopozisyon depandan. 2.2 Evalye nati ak fonksyon mo kowòdonan nan fraz ki genyen	Mo kowòdonan an kreyòl : konjonksyon (epi, men, ni... ni, kidonk, oubyen, osnon eks.), advèb (poutan, sinon, tankou, kouwè...)	Aktivite an gwoup : elèv yo chwazi tèks ki ekri an kreyòl epi ki genyen divès kalte fraz konplèks ladan yo. Apre sa, yo etidye estrikti fraz	Yon mo kowòdonan kapab yon konjonksyon osnon yon advèb lyezon. Sa ki enpòtan se pou elèv la konnen lis mo sa yo nan kreyòl la.

plizyè pwopozisyon endepandan.	- Nati ak fonksyon mo kowòdonan yo an kreyòl. - Konparezon ant mo kowòdonan yo (Ou pa vini, kidonk ou p'ap manje.) ak mo lyezon (egz. Jan ak Pyè pa vini.)	sa yo pou yo ka konprann fonksyonman fraz konplèks pa kowòdinasyon yo.	
--------------------------------	--	--	--

Konpetans	Eleman ki nesèsè pou devlope konpetans lan	Aktivite elèv yo ka fè	Kòmantè
3. Analize estrikti fraz konplèks pa sibòdinasyon nan yon tèks. 3.1 Etidye fonksyonman pwopozisyon sibòdone relatif nan yon fraz. 3.2 Etidye fonksyonman pwopozisyon sibòdone konpleman dobjè nan yon fraz. 3.3 Etidye fonksyonman pwopozisyon sibòdone entèwogatif endirèk. 3.4 Etidye fonksyonman pwopozisyon sibòdone sikonstansyèl. 3.5 Etidye fonksyonman pwopozisyon sibòdone enfinitif.	- Pwonon relatif an kreyòl (ki...). Sonje mwayen ki pèmèt pwopozisyon relatif la konekte ak prensipal la pa fonksyone menm jan an franse ak an kreyòl. Evite itilize "ke" nan fraz kreyòl. (Egz. *Li kontan ke ou pa te vini./ nan plas : Li kontan ou pa te vini.) - Pwopozisyon konpletif, pwopozisyon	Aktivite an gwoup : elèv yo chwazi tèks ki ekri an kreyòl epi ki genyen divès kalte fraz konplèks pa sibòdinasyon ladan yo. Apre sa, yo etidye estrikti fraz sa yo pou yo ka konprann fonksyonman fraz konplèks pa sibòdinasyon yo.	Elèv yo ka konpare estrikti fraz konplèks pa sibòdinasyon yo an kreyòl ak fraz nan lòt lang. Apre yo ka gade kòman konparezon sa a itil nan aprann estrikti lang kreyòl la.

	entèwogatif endirèk, pwopozisyon enfinitif. • Divès kalte pwopozisyon sikonstansyèl (tan, koz, konsekans, bi, konsesyon, konparezon, kondisyon...) /sonje kreyòl ayisyen genyen pwòp mwayen pa li pou li eksprime rapò tan pa egzanp : Monte mwen monte, Jan desann.		
4. Analize nosyon tan ak aspè nan kreyòl ayisyen. 4.1 Distenge sa ki fè diferans ant aspè ak tan. 4.2 Konpare "ap" ak "te" nan fraz an kreyòl. 4.3 Analize tan pase nan fraz an kreyòl. 4.4 Analize tan fiti nan fraz an kreyòl.	• Konesans jeneral sou nosyon tan ak aspè • Rapò ki genyen ant moman enonsyasyon ak tan (prezan, pase, fiti) • « Ap » mak tan ; « ap » mak aspè. • "te" mak tan pase. • "te" + "ap" (ava ou a)= tan kondisyonèl an kreyòl • Mak tan fiti an	• Aktivite an gwoup : elèv yo travay sou tèks ki ekri an kreyòl pou yo kapab analize mak tan ak aspè nan fraz yo. • Chak elèv fè travay pèsonèl pou analize mak tan ak aspè nan tèks yo chwazi yo menm.	• Tan ak aspè se de nosyon ki enpòtan anpil nan fonksyonman sistèm vèbal yon lang. Lè yon elèv ayisyen konprann sistèm vèbal lang kreyòl la, sa pèmèt li analize sistèm vèbal lòt lang ki an kontak ak kreyòl sou teritwa a, epi evite melanje

	kreyòl : ap, pral, ava, va, a.		sistèm aspè ak tan de lang ki fasafas.
5. Konstwi yon tèks koyeran. 5.1 Aplike règ repetisyon nan yon tèks. 5.2 Aplike règ pwogresyon anndan yon tèks.	• Anafò ak repriz anaforik anndan yon tèks. • Chak fraz dwe pote yon enfòmasyon nouvo nan tèks la. • Fòk tèks la pa genyen kontradiksyon ladan li (kontradiksyon ant mo, pwopozisyon, eks.).	• Aktivite an gwoup : elèv yo travay sou tèks an kreyòl pou yo kapab analize koyerans ki genyen anndan tèks sa yo. Epi yo konstwi pwòp tèks pa yo selon modèl yo te analize yo.	• Li enpòtan pou elèv yo konnen se pa paske ou mete plizyè fraz youn dèyè lòt ki fè ou genyen yon tèks pou sa. Tèks la genyen pwòp règ pa li. Pa egzanp, chak fraz yon lektè li nan yon tèks dwe genyen yon eleman ladan li ki makònen ak yon eleman ki te site anvan. Anplis, fòk chak fraz pote yon nouvo enfòmasyon sou sijè ki ap trete a. Bout anfen, fòk chak fraz pa vini ak yon eleman ki an kontradiksyon ak sa ki te di anvan. Se lè yon elèv respekte twa règ sa yo, ou kapab di tèks li a koyeran.

6. Analize pwogresyon tematik yon tèks. 6.1 Evalye progresyon pa tèm konstan nan yon tèks 6.2 Evalye progresyon pa tèm lineyè nan yon tèks. 6.3 Evalye pwogresyon pa tèm derive nan yon tèks.	• Tèm ak pwopo nan yon fraz. • Règ repetisyon • Règ pwogresyon • Wòl anafò nan yon tèks • Wòl konektè nan yon tèks	• Aktivite an atelye : elèv yo travay sou tèks an kreyòl pou yo kapab analize diferan tip pwogresyon tematik ki ka egziste nan yon tèks.	Yon tèks pa janm prezante yon sèl pwogresyon. Li toujou asosye plizyè ansanm. Pa egzanp, anndan yon tèks ou kapab jwenn pwogresyon tèm konstan asosye ak pwogresyon tèm lineyè epi pwogresyon tèm divize. Egz. Twa jennjan ap naje nan flèv latibonit. Youn ladan yo disparèt. De lòt yo plonje dèyè li. Men se ak kadav li yo monte.
---	--	--	---

Bibliyografi

(Lis liv elèv yo ka li)

Lis zèv, otè, liv pou dezyèm ane segondè a

